



Pou Piblikasyon Imedya: 03/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEPO REZOLISYON POU REJTE PWOSE LAJISTIS NRA A

***Gouvènè Cuomo: “NRA ka petèt te achte epi peye Donald Trump ak Washington, DC, men nan New York nou ap koute vwa popilasyon an atravè nasyon an pou mande nou pran mezi pou kenbe kominote nou yo an sekirite. Pandan ke NRA ap eseye fè tèt yo pase pou viktim, New York kanpe bò kote viktim reyèl yo—ki se plizyè milye moun ki gen lavi yo ki te rakousi akòz vyolans ak zam yo chak ane”.***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke New York ap depoze yon rezolisyon pou rejte pwose lajistis Asosiyasyon Fizi Nasyonal la (National Rifle Association, NRA) kont New York. Yo te ouvri pwose a nan dat 11 Me apre ke Gouvènè Cuomo te òdone Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services, DFS) pou egzòte konpayi yo evalye pwa risk pou repitasyon biznis ki lye ak NRA ak òganizasyon ki similè yo.

“New York pa pral entimide pa pwose lajistis sipèfisyèl NRA a pou fè vanse kalandriye pwopagasyon zam danjere li genyen an”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “NRA ka petèt te achte epi peye Donald Trump ak Washington, DC, men nan New York nou ap koute vwa popilasyon an atravè nasyon an pou mande nou pran mezi pou kenbe kominote nou yo an sekirite. Pandan ke NRA ap eseye fè tèt yo pase pou viktim, New York kanpe bò kote viktim reyèl yo—ki se plizyè milye moun ki gen lavi yo ki te rakousi akòz vyolans ak zam yo chak ane”.

Nan mwa Avril, Gouvènè Cuomo [te òdone](#) Depatman Sèvis Finansye a pou li ankouraje konpayi asirans, bank ki afrete nan Eta New York yo, ak lòt konpayi sèvis finansye ki gen lisans nan New York yo, pou revize nenpòt relasyon ke yo ka genyen ak Asosiyasyon Fizi Nasyonal la ak lòt òganizasyon ki similè yo. Apre revizyon sa, yo ankouraje konpayi yo konsidere si wi ou non relasyon sa yo koze donaj a repitasyon antrepriz yo epi mete sekirite piblik an danje.

Rezolisyon pou Rejte a ap mande pou yo rejte plent NRA a nan antyète li epi li agimante ke mezi ke Gouvènè a ak DFS te pran pou pwoteje moun New York yo pa enplike Dwa Premye Amandman NRA yo oswa retire nenpòt lòt pwoteksyon konstitisyonèl pou NRA.

## Fè Vanse Sekirite pou Zam yo

Sou Gouvènè Cuomo, New York te adopte pi gwo lwa sou kontwòl ki pi djanm yo nan nasyon an, ki gen ladan Lwa sou Sekirite nan Zafè Minisyon ak Zam Afe lan (Secure Ammunition and Firearms Enforcement Act, SAFE Act) ki ap evite ke zam tonbe nan men moun ke yo te kondane pou enfraksyon yo epi moun ki malad ki danjere onivo mantal yo, entèdi magazin zam ki gen anpil kapasite yo ak fizi daso yo, epi andisi sanksyon kriminèl yo pou itilizasyon zam ilegal yo.

Gouvènè an [te adopte](#) resamman yon lwa ki vize lyen ke yo byen konnen ki genyen ant abi domestik ak vyolans ak zam ki mòtèl yo. Epi nan kòmansman mwa sa, Gouvènè Cuomo te anonse tou [yon seri aksyon](#) pou anpeche distribisyon plan zam 3D ki danjere yo ki ap pèmèt pou moun yo kreye a bon mache zam ki fonksyonèl epi ke yo pa ka trase, ki enkli zam ki ilegal yo nan Eta New York.

Gouvènè an tou [te defann](#) efò rediksyon pou vyolans ak zam ki baze sou evidans yo ki te resevwa rekonesans nasyonal, tankou inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam lan (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) ak pwogram SNUG, ki ansanm ap travay pou sipòte alafwa ajans fòs lapolis yo ak òganizasyon ki baze nan kominote yo an prevansyon a fiziyab ak omisid ki enplike zam yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)